

Chapter 5. Pupil Personnel  
Seksyon 5.0921

**Règleman 5.0921 Règleman Kontwòl Gang Komite Dirijan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach**

Objektif Règleman Kontwòl Gang Komite Dirijan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, se pou adrese pwoblèm ki asosye avèk gang jèn yo atravè edikasyon pwoaktif ak aksyon disiplinè, lè sa nesèsè. Règleman sa a divize an kat seksyon: definisyon gang, règleman ak prensip fonksyonman, enfòmasyon ak revizyon.

**A. DEFINISYON GANG (Lwa Florid Seksyon 874.03)**

1. Jèn ak gang nan lari – Nenpòt òganizasyon k ap fonksyone, asosyasyon oswa gwoup ki gen twa (3) oubyen plis moun, swa fòmèl oubyen enfòmèl, ki satisfè DE (2) nan kritè sa yo:
  - a. Gen yon non komen inik, oswa siy, koulè ak menm senbòl pou idantifye yo, ak
  - b. Gen manb oswa asosye ki, endividyèlman oswa kolektivman angaje souvan, oswa te souvan angaje nan aktivite kriminel.
2. Jèn ak manb gang nan lari – Yon moun ki satisfè de (2) nan kritè sa yo
  - a. Aksepte kòm manb gang,
  - b. Gen 21 ane oswa mwens ke yon paran oswa responsab idantifye kòm manm gang,
  - c. Yon dokiman ki gen sous otantik te idantifye l kòm manb gang,
  - d. Abite oswa frekante yon zòn patikilye ki gen gang ak adopte fason yo abiye, fè siy ak men, senbòl oswa tatou, ak asosye ak manb gang ki rekoni,
  - e. Yon sous otantik ki pa t teste avan epi enfòmasyon endepandan te verifye te idantifye l kòm manb gang,
  - f. Yo te arete l plis pase yon fwa nan konpayi kote yo idantifye manm ki nan gang pou ofans ki konfòm ak aktivite gang,
  - g. Gen evidans fizik tankou fotograf oswa lòt dokimantasyon ki idantifye l kòm manb gang.

**B. RÈGLEMAN AK PRENSIP FONKSYÒNMAN**

1. Administrasyon lekòl la ta dwe jistifye alekri tout restriksyon ekspresyon senbolik sa yo epi avan yo enpoze yo, restriksyon sa yo dwe atikile konsa:
  - a. ki kalite rad vètman, ekspresyon, oswa atik ki te entèdi, ak
  - b. baz kwayans administratè a kanpe sou fè atikile ki gen rapò ak egzèsis aktivite yo entèdi a ta materyèlman entèfere oswa, evidamman, twouble aktivite lekòl yo.
2. kalite vètman, aparèy, aktivite, zak, konpòtman manyè oswa demonstrasyon dezagreyab; Paske yon elèv reflekte sa oswa patisipe ladann pa sifi pou:
  - a. dirijan ofisyèl lekòl yo, rezonableman, kwè kalite konpòtman sa a, aparèy, aktivite, zak, oswa lòt karakteristik ki gen rapò ak gang epi sa ta materyèlman entèfere oswa evidamman deranje anviwònman lekòl la oswa aktivite ak/oswa objektif edikatif.
  - b. prezante danje pou pwòp prekosyon fizik, a elèv, manb estaf, anplwaye, oswa lòt moun ki gen otorizasyon pou antre nan lakou lekòl la.
3. si konpòtman elèv la oswa lòt karakteristik ki vyole pwovizyon sa yo, direktè/tris la oswa lòt moun li deziye ap mande elèv la pou li fè koreksyon ki apwopriye a. Si elèv la refize, yo kapab avize paran/responsab la epi mande pou yo fè koreksyon ki nesèsè a. Direktè/tris la ap pran mezi disiplinè ak korektif ki apwopriye.
4. Elèv yo idantifye kòm moun ki nan gang, sou enflyans gang oswa afilye dwe jwenn asistans ak/oswa pwogram ki dekouraje entegrasyon nan gang oswa afilyasyon, remonte diyite, ankouraje enterè ak patisipasyon nan lekòl oswa lòt aktivite pozitif epi ankouraje afilyasyon nan òganizasyon lekòl la otorize.
5. Se polis lekòl yo k ap bay trening selon bezwen, pou bay konsyantizasyon sou menas pou sekirite elèv, estaf, ak pwopriyete lekòl ke aktivite ki genyen rapò ak gang poze. Prezantasyon adisyonèl ap disponib pou lekòl yo endividyèlman, anplwaye oswa elèv yo sou demand direktè a. Prezantasyon yo dwe gen trening nan senbòl idantifikasyon ke sa

yo ki patisipe nan aktivite ki gen rapò ak gang itilize ak l ap genyen idantifikasyon siyal ak men, aparèy, bijou, ak/oswa lòt enfòmasyon valab ki gen rapò ak gang.

C. AVÈTISMAN

Direktè/tris la ap avèti elèv sou règleman kontwòl gang Komite Dirijan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la atravè prezantasyon nan saldeklas ak/oswa an asanble.

1. Nan ane fiskal 1997, y ap distribye yon kopi règleman kontwòl gang Komite Dirijan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach bay tout elèv klas segondè.
2. Nan kòmansman ane fiskal 1998, y ap enprime yon kopi règleman kontwòl gang Komite Dirijan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la nan tout mànhyèl segondè pou elèv-paran. Se responsablite elèv ak paran yo pou yo familiarize yo ak règleman an.

D. REVIZYON PWOSEDI

Elèv ak/oswa paran ki an dezakò ak fason pou manevre pwoblèm ki gen rapò ak gang ak oswa aksyon korektif ak disiplinè ki asosye ak règleman kontwòl gang lan kapab itilize Pwosedè Plent D-2.031, SB 5.18 distri a. Sepandan, kote gen restriksyon pou ekspresyon senbolik, direktè/tris la oswa reprezantan l ap konplete pwosesis plent la nan 48 è tan kote lè pou egzekisyon aksyon disiplinè a p ap retade.

OTORITE LEGAL: Seksyon 230.22(1); 230.23(6)(c)&(d); 231.05; 232.25, Lwa Florid

LWA ANVIGÈ: Seksyon 230.23(6)(c)&(d); 231.05; 232.25, Lwa Florid

DOSYE ISTORIK: Nouvo; 18/6/97; Reenprime: 3/7/97

Paj 5.09A - 5.09C